

Mesaj Lapolis Eta Delaware sou menas lekòl

Elèv yo: Lapolis vle fè w konnen ke menas sou entènèt oswa vèbal nan direksyon yon lekòl Delaware pral gen konsekans grav.

Lapolis Eta Delaware pral ankete chak menas keseswa entansyon an se te jwèt oswa se te yon menas reyèl. Yo ka fouye kazye, kay ak veyikil yon sispèk.

Keseswa lapolis detèmine li te yon jwèt oswa yon menas reyèl kont yon lekòl, yo ka akize moun ki responsab yo avèk menas teworis, kondwit menasan, dezòdone ak menas sou rezo elektwonik, sa ki kapab lakoz nan tan prizon ak/oswa pwobasyon. Konsekans yo ka gen ladan tou penalite ak amann jiska \$1,000 pou rive \$2,500 ak 100 oswa plis èdtan sèvis kominotè.

Sa a se anplis de sanksyon lekòl la tankou sispansyon ak ekspilsyon. Yo ka voye tou yon elèv nan yon lòt lekòl, sa ki gen ladan yon lekòl altènatif. Elèv la ka pa otorize pou patisipe nan aktivite espòtif lekòl la, e tribinal la ka òdone yon evalyasyon sou sante mantal epi lekòl la ka egzije l anvan elèv la ka retounen.

Yon kondanasyon pral swiv elèv yo e yap gen obligasyon pou rapòte l nan nenpòt aplikasyon travay oswa kolèj. Si ou kondane pou yon krim epi devlope yon dosye kriminèl, sa ka lakoz ou pa ka antre nan militè, aksepte nan kolèj oswa li ka menm lakoz ou pa ka jwenn yon travay.

Lapolis ankouraje elèv yo pou yo konsidere konsekans yo epi sonje sekirite lekòl la se responsablite tout moun.

Mèsi!